


**УОДИГЪÆДÆЙ ФЕДАР КА УА, ЛÆГÆВЗАРÆН УАВÆРТИ ДÆР Е УÆЛАХЕЗ КÆНУЙ!..**

***Япойнаг балхон Йошимаса Шиба (1350-1410) уотæ загъта: Тугъди, знагбæл фæууæлахез унæн неци амал ес, зæгъгæ, уавæри дæр тугъдон гъæуама æ зæрдæ нихъхъæбæр кæна æма, æ гъæддухдзийнадæн басæттæн нæййес, зæгъгæ, æхецæн федарæй искæрда...» Бæргæ уотæ ’й, фал æ еци фæдзæхст 1945 анзи сентябри æгириддæр нæ фæййагъаз æй Япони æстуд æфсæдтæн, æма Советон Æфсади тухгиндзийнадæ сæхебæл бавзаргæй, сæхе састбæл банимадтонцæ...***

75 ПОБЕДА! 1945–2020

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№29 (768) 2020 анзи 29 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман

## ЦИЙНАГ ХАБАР



## ДЗÆБÆХÆЙ ÆЦÆГÆЙДÆР ДЗÆБÆХ ЗÆГЪУН ГЪÆУЙ...

Медицинон къабази косæги кадæ фæббæрзонддæр кæнуни туххæй нæ республики арæзт æрцæуудзæнæй сæрмагонд конкурс «Цæгат Иристони хуæздæр дохтир».

Уæхæн унаффæ хаст æрцудæй æрæги проектон офиси æмбурди. Сæрдареуæг си кодта нæ республики Сæргълæууæг Битарти Вячеслав, æма е æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй аци ахсгиаг гъуддаги гъæуама байархайуонцæ, гæнæн æма амал куд ес, уотæ фулдæр дохтиртæ. Уой туххæй ба, куд медицинон косæндæнтти медæгæ, уотæ дзилли æхсæн дæр æнæмæнгæ гъæуй райаразун гъæугæ лæдæрунгæнæн æма разæнгардгæнæн куст.

Программæ «Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнадæ»-йи разамонæг Туати Ирмæ куд загъта, уотемæй конкурси ес дууæ номинаций – хуæздæр терапевт æма хуæздæр педиатр.

2

## ЗÆРДИРАЙ УОТÆ, НÆ ЦИТГИЙНАГ ХЕСТÆРТÆ!..



Иннæбон, 1 октябри æнæгъæнæ дуйней дæр бæрæггонд цæудзæнæй каргун адæми Æхсæнадæмон бон. Аци бæрæгбон, махмæ гæсгæ, æй нæ еугур бæрæгбæнттæн дæр сæ тæккæ цитгийнагдæр, уомæн æма нин цард дæр етæ равардтонцæ, нæ зæнхон амонд дæр нин уони фæрци æй, уонæй æй нæ нифс æма разæнгарддзийнадæ... Æма си æгæрон боз уогæй, абони нæ цардæгас хестæрти гъæуама исбоц кæнæн, рæстуодæй син райарфæ кæнæн æма син фæлмæн загъдæй зæгъæн: «Зæрдирай уотæ, сæрбæрзонд уотæ уæ кæстæртæй, сæ арфиаг гъуддæгутæй федардæр кæнæд уе ’нæнездзийнадæ, райдзаст си уæнтæ уæ хъиамæтгун зæрдитæ...

## АРФÆ КÆНÆН!..



**БАБОЧИТИ Руслан,**

### ФÆНДОН

*Æнæрæдуд лæг дуйнебæл*
*Некæд адтæй ’ма нæййес,*
*Бухсун гъæуй кæрæдземæн,*
*Гæдзи буни сойнæ ес.*

*Ку неке ни ’й æнæ азум,*
*Алли алцæмæй æнхæст, -*
*Кæрæдземæн бафæразæн,*
*Еу инней кæнæд æнхæст!*

*Ан не ’гас дæр фæйнæ хузти,*
*Еу мадæй игурд нæ й’ ан, -*
*Ес дзæбæхтæ ’ма лæгъузтæ,*
*Макæмæ си уæн хæран!*

*Ци адæм цæруй нæ хæццæ*
*Анхосгинæй, фудгинæй,*
*Æнæ уонæй æнæбæрцæ*
*Æнхæст цард кæнун зин æй...*

*Неци уайуй дзурди карзæй,*
*Фуди хуасæ ’й æрмæстдæр.*
*Æнæбари хъæбæр хуарз æй,*
*Еугур хуарз ци нæ ’й, е дæр...*

* * *

Аци æмдзæвгæ уомæ гæсгæ мухур кæнæн, æма æ нифинсæг, Цæгат Иристони адæмон поэт, Национ преми «Нарти фæткъу»-й лауреат БАБОЧИТИ Омарбийи фурт Русланæн абони æй æ райгурæн бон - æ дæс æма æртинсæй анзи æхердигæй фæцæнцæ. Уой фæдбæл ин зæрдиагæй арфитæ кæнгæй, нæ бон æй федарæй уотæ зæгъун дæр, æма æ еци æнзтæ сæ уотид бæрцæй нæ ’нцæ нимади, фал цитгин æнцæ се ’мидзаг берæ агъазиау арфиаг гъуддæгутæй.

Нæ зæрдæ дин, Руслан, зæгъуй фиццагидæр федар æнæнездзийнадæ, устур амонд, зæрдрохс уо дæ кæстæрти ирисхъи хабæрттæй! Адæми фарнæй хайгин уо кæддæриддæр!..

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма кæд еске æновуд æй газет «Дигорæ»-бæл, кæд еске зæрдиагæй архайуй æ хуарздзийнадæбæл, уæд сæ фиццæгтæй æй Бабочити Руслан. Æма си уомæй хъæбæр боз ан. Уогæ уой туххæй бæлвурддæр радзоруйнаг ан нæ газети хæстæгдæр номертæй еуеми.

**ИГЪОСУНКÆНУЙНАГ, ПЕНСИМÆ РАЦÆУНИ АФОНÆ КÆМÆН ÆРХÆСТÆГ ÆЙ, УОНÆН**



## УÆ ДОКУМЕНТТÆ РАГАЦАУ БАЦÆТТÆ КÆНЕТÆ!..

**Хæстæгдæр æнзти сæ пенсион карæ кæмæн ралæудзæнæй, еци нæлгоймæгтæ (1960-1962 æнзти игурд) æма силгоймæгти (1965-1967 æнзти игурд) рагацау гъæуй бацæун Пенсион фонди фæзуати дæлхайæдтæмæ, цæмæй син рагацау райдайуонцæ цæттæ кæнун гъæугæ документтæ.**

Уæхæн игъосункæнуйнаги хæццæ радзубанди кодта Уæрæсей Федераций Пенсион фонди цæгатиристойнаг хайади пресс-службæ.

Æ минæвари дзубандимæ гæсгæ, Пенсион фонди дæлхайадæмæ бавдесун гъæуй уæхæн документтæ: паспорт, фæллойнадон киунугæ, æфсæддон билет, къайади (кенæ æ фехалуни) туххæй æвдесæндар, сувæллæнтти райгурди туххæй æвдесæндартæ, ахуради туххæй гæгъæди.

Специалисттæ куд зæгъунцæ, уотемæй фæдзæхстадон пенси иснисан кæнуни гъуддагбæл ахедунцæ берæ аллихузон æууæлтæ.

2

*Уруссаг номдзуд финсæг Лев Толстой (1828-1910) уотæ финста: «Берæ зонун хуарз æй, зæгъгæ, ка гъуди кæнуй, етæ рæдуйгæ кæнунцæ. Зонундзийнæдтæн сæ берæ нæ, фал сæ хуæрзгъæдæдзийнадæ ’й ахсгиаг... Нæ зонунæй ма тæрсæ, тæрсæ мæнгæ зонундзийнæдтæй. Дуйней хæрæнттæ еугурæйдæр уордигæй цæунцæ...»*

# ГЪÆУГÆ ГЪУДДАГÆН – ГЪÆУГÆ КУСТ!..

***Куд зонетæ, уотемæй нæ республикæ архайуй фиццаградон национ проектти. Æма уой фæрци, уæхуæдтæ æвдесæн, фæстаг цалдæр анзей дæргъи нæмæ нæ цардиуаги берæ рауæнти уæлдайдæр социалон-культурон къабæзти, зингæ зæрдæхцæуæн æййивддзийнæдтæ æрцудæй, фæззиндтæнцæ агъазиау нæуæгдзийнæдтæ.***

Еци ахсгиаг куст нерæнгæ ма идарддæр дæр цæуй. Æма цæйбæрцæбæл æнхæстгонд цæунцæ уой хæццæ баст ихæстæ, уомæ цæстдард ба æй еудадзугон Фиццаградон национ проекттæ æнхæст кæнунбæл Цæгат Иристони куст куд цæуй, уой фæдбæл бæлвурд дзубанди цудæй, нæ республики Хецауади **Сæрдар ТУСКЪАТИ** Таймораз æма Цæгат Кавкази федералон зилди Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин минæвари хуæдæййевæг **Максим ВЛАДИМИРОВИ** разамундæй Дзæуæгигъæуи ци æмбурд арæзт æрцудæй, уоми.

Фиццагидæр бал уой зæгъун гъæуй, æма нæ республикæ аци анз дæр æнхæст кæнуй фиццаградон национ проекттæ «Демографи», «Æнæнездзийнадæ», «Экологи», «Ædас æма хуæрзгъæдæ автомобилон нæдтæ», «Нимæцон экономикæ», «Культурæ» æма иннети фæлгæти ихæстæ.

Уомæй уæлдай, сæрмагонд регионалон проектти уагæвæрдмæ гæсгæ, 2020 анзи республики арæзт æма бундорон цалцæггонд цæунцæ аллихузон ахсгиаг 130 объекти (уони арæзтадæ æма цалцæгæн нисангонд цæуй æхсæз миллиард сомемæй фулдæр).

Зæгъæн, проект «Ахурадæ»-йи, нуртæккæ республики арæзт цæунцæ фондз еумæйагахурадон скъолай Дзæуæгигъæуи, уæдта Мæздæги, Горæтгæрон æма Рахесфарси районти. Идарддæр æнхæстгонд цæуйнцæ еумæйагахурадон косæндæнтти спортивон залти цалцæггæнæн куститæ. Сæрмагонд æргом æздæхт цæуй гъæуон скъолати уавæрмæ. Цалцæггæнæн куститæй уæлдай ма, архайд цæуй еци спортивон залтæ æма секцитæ ефтонггонд уодзæнæнцæ материалон-техникон ефтонггадæмæ.

Иннæ ахсгиаг проект æй «Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнадæ». Уой фæлгæти республики арæзт цæунцæ æхсæрдæс æма инсæй фельдшерон æма фельдшерон-акушерон пунктти. Идарддæр куст цæуй сувæллæнтти Республикон клиникон сæйгæдони соматикон хайадæ исцалцæг кæнунбæл æма уоми сувæллæнтти нæуæг поликлиники арæзтадæбæл. Аци æма иннæ медицинон косæндæнтти арæзтадон æма цалцæги мадзæлтти хæццæ ма лухгонд æрцæуудзæнæнцæ гъæугæ медицинон техникæй сæ ефтогдзийнади фарстатæ дæр.

Регионалон проект «Цæрæндæнттæ æма сахайраг фалдзос»-и нисан æй цæрæнуатон арæзтадæ фæййахедгæдæр кæнун. Æма фарæ нæ республики цæттæй ци цæрæнуæттæ лæвæрд æрцудæй, уони бæрцæ иссæй 228,9 мин квадратон метри, ци нисангонд цудæй, уомæй авд процентти фулдæр. Аци анз ба, ци нисангонд цæуй, еци ихæслæвæрд нерæнгæ бал æнхæстгонд æрцудæй 84,7 процентемæй. Аци анз ма нуриккон домæнтæмæ гæсгæ гъæуама гъудгонд æрцæуонцæ 152 тургъи æма 39 æхсæнадон фæзуати, уонæй нерæнгæ бал гъудгонд æрцудæнцæ: фиццæгтæй – 97, дуккæгтæй – 30.

Зингæ куст цæуй, «Ædас æма хуæрзгъæдæ нæдтæ», зæгъгæ, программи ихæслæвæрдтæ æнхæст кæнунбæл дæр. Куст ба цæуй æртæ æма æртинсæй объекттебæл.

Национ проект «Культурæ»-йи фæлгæти еугур нисангонд куститæ дæр æнхæстгонд цæунцæ афойнадæбæл æма гъæугæ хузи. Сæрмагонд æргом здæхт цæуй, муниципалон искондти ци клубтæ æма культурон-фæлладуадзæн центртæ ес, уони нивæбæлдзийнадæмæ. Зæгъæн, 2020 анзи бундорон цалцæггонд æрцæуддзæнæнцæ культури авд хæдзари, æхсæз ахурадон косæндонемæн ба балхæндзæнæнцæ гъæугæ музыкалон инструменттæ æма æндæр техникон ефтонггæрзтæ. Уой фæрци, ке зæгъун æй гъæуй, зингæ фæххуæздæр уодзæнæй аййевадон ахуради æмвæзадæ, уæдта фæффулдæр уодзæнæй культури ахургæнæндæнтти ахурадон бунæтти бæрцæ дæр. Бундоронæй цалцæггонд цæуй паддзахадон театр «Саби»-йи азгъунст дæр.

Уотæ лæмбунæг æма гъуддагонæй æрдзубанди кодтонцæ æмбурди архайгутæ, иннæ федералон æма регионалон проектти фæлгæти нисангонд ихæстæ куд æма ци мадзæлттæй æнхæстгонд цæуй, уæдта ма цæмæ гъæуй фулдæр æргом раздахун, уони туххæй.

Æмбурдæн хатдзæгтæ кæнгæй, Тускъати Таймораз куд фæннисан кодта, уотемæй проектти нисангонд ихæстæ æма мадзæлттæ афойнадæбæл æма гъæугæ хузи æнхæст кæнунбæл бæрнон æнцæ сæ куратортæ – етæ комкоммæ ихæсгин æнцæ, цæмæй еудадзуг сæ цæстæ даронцæ арæзтадæ æма цалцæги куститæ æнхæст кæнуни графиктæмæ, радехгонд фæрæзнитæ афойнадæбæл æма сæ нисанбæл харз кæнун æма иннæ еугур фарстатæмæ.

Фиццаградон национ проектти æнхæст кæнунбæл республикæ куд косуй, уой хуарзбæл банимайгæй, Максим Владимиров куд загъта, уотемæй аци проекттæ æма программитæ æнхæст кæнунмæ федералон Хецауади ’рдигæй уодзæнæй еудадзугон лæмбунæг цæстдард.

Уæрæсей Федераций Президенти унаффæмæ гæсгæ цæттæгонд ка ’рцудæй æма е ’нхæст кæнунбæл архайд кæмæн цæуй, еци фиццаградон национ проекттæ æма федералон программити сæйрагдæр нисан æй не ’мбæстæгти царди æмвæзадæ зингæ фæххуæздæр кæнун, уæрæсейæгти æдасдзийнадæ æма цардархайдæн уæлæнхасæн фæрнуг фадуæттæ исаразун, - загъта Президенти Æнхæстбаргин минæвари хуæдæййевæг.










# ДЗÆБÆХÆЙ ÆЦÆГÆЙДÆР ДЗÆБÆХ ЗÆГЪУН ГЪÆУЙ...

Конкурс райдайдзæнæй 1 октябри æма цæудзæнæй цуппар фæлтæремæй. Фиццаг фæлтæри ист цæудзæнæнцæ курдиæттæ, аци конкурси архайун ка исфæндæ кæна, еци дохтиртæй. Дуккаг фæлтæри мадзал ба арæзт цæудзæнæй Цæгат Иристони паддзахадон медакадемий. Уоми аргъ искæндзæнæнцæ компьютерон фæрæзнитæй. Æртиккаг фæлтæри ба, хуæздæр дохтири ном райсунмæ гъавæг специалисттæн аргъ кæндзæнæй 5-7 адæймагемæй арæзт къамис, æ хæццæ ма æнæмæнгæ æндагон эксперттæ дæр, уотемæй. Цуппæрæймаг фæлтæри бундори ба онлайн-гъæлæс кæнуни фæрци нæ республики цæргутæй алкæмæн дæр æ бон уодзæнæй, хуæздæр дохтири ном радтуни аккаг ке нимайунцæ, уони туххæй исгъæлæс кæнун.

Аци конкурс исаразуни фæдбæл дзоргæй, Битарти Вячеслав сæрмагондæй куд баханхæ кодта, уотемæй гъуддаг хъæбæр ахсгиаг æй æма имæ хумæтæг цæстæй ракæсæн нæййес. Ка си архайдзæнæй, уони конкурси уагæвæрди домæнтæмæ гæсгæ æнæмæнгæ наукон архайди бæрæггæнæнтæ, хуæрзеугутæ, Кади нисантæ бавдесун ку гъæуа, уæд уой фудæй æ архайгути нимæдзæ зингæ фæмминкъийдæр уодзæнæй - кæмæдæрти еугур еци хабæрттæ, ка ’й зонуй, нæ разиндзæнæнцæ, уотемæй ба æ профессионалон архайд ба æй банимайуни аккаг.

- Гъæути æма сахарти уæхæн дохтиртæ косуй, æма син рæстæг нæййес наукон уацтæ финсунмæ, - загъта республики Сæргълæууæг. - Уони еци кустмæ, æвæдзи, евдæлгæ дæр нæ кæнуй, уомæн æма сæ еудадзуг гъæуй сæйгити хæццæ архайун, берети ба си сæ хæдзæртти бабæрæг кæнун, æхсæвæ уа æви бонæ. Еци гъуддаг гъæуама бæрæггонд æрцæуа конкурси архайуни барæ дæттæг документти.

Еци-еу рæстæг исарази æй, цæмæй каст цæуа уомæ дæр, æма конкурси архайæг дохтир цæйбæрцæбæл æнтæстгинæй архайуй кæстæр специалисттæн хуæрзауодæг æма зундамонæг уни гъуддаги.

Конкурси хатдзæгтæ исбæрæг уодзæнæнцæ анзи кæрони, уæлахездзаутæн лæвæрд æрцæудзæнæнцæ фатертæ, иннæ призон бунæттæмæ рацæуæг дохтиртæн - æхцай премитæ.

# УÆ ДОКУМЕНТТÆ РАГАЦАУ БАЦÆТТÆ КÆНЕТÆ!..

Еци гъуддаги сæрмагонд нисанеуæг ес аллихузон документтæн. Зæгъæн, пенси иснисан кæнуни туххæй хе бахатгæй, специалисттæ еу кенæ иннæ адæймаги фæллойнадон киунуги рабæрæг кæнунцæ рæдудтитæ æ кусти æмгъудти туххæй, кенæ ба æнхæст бæрæггæнæнтæ нæ фæууй, адæймаг æ фæллойнадон архайди рæстæг тæккæ бæрзонддæр мизд кæд иста, еци æмгъудти туххæй. Ке зæгъун æй гъæуй, еци æма иннæ уæхæн ахсгиаг бæрæггæнæнтæ исбæлвурд кæнунæн багъæуй дзæвгарæ рæстæг. Æма еци гъуддæгутæ ба еуцæйбæрцæдæр фæкъкъулумпи кæнунцæ пенси афойнадæбæл æма æнхæстæй иснисан кæнуни гъуддаг.

Еугур еци æуууæлтæ хинцгæй, Пенсион фонди специалисттæ рагацау райдайунцæ, нурма косгæ ка кæнуй, фал æ пенсион кари æмгъуд кæмæн æрбахæстæг æй, еци адæми «пенсион гъуддаг» аразун. Еци цæттæгæнæн куст рагацау æнхæстгонд ку æрцæуа, уæд адæймаг æ пенси афойнадæбæл æнæкъулумпийæй есун райдайдзæнæй.

Еугур уæлдæр амунд фарстати фæдбæл Пенсион фонди специалисттæ лæмбунæг дзуæппитæ радтунмæ æнцæ цæттæ. «Комкоммæ бастдзийнади» линимæ бадзорæн ес уæхæн номерæй: 51-80-92.

**Цалдæр бæрæгбони бæрæггонд цæудзæнæй 3 октябри: архитектури Еугурдуйнейон бон; дохтири Медадæмон бон; цæрæнуæтти Еугурдуйнеуон бон.**




# РЕВӔД ЦАРД НЕЦӔБӔЛ ӔНЦОЙНӔ КӔНУЙ...

Кӕд цалх дӕндӕггай зелуй, уӕд цард гъе уой хузӕн ӕййевуй, рӕстӕгутӕй ка райевгъуйуй, уонӕй кӕцидӕртӕ еу дзамани ба уӕддӕр иснӕуӕг унцӕ. Кӕми, ци адтӕнцӕ, уомӕй хуӕздӕр хузи, кӕми ба – бустӕги гурумухъ ӕма ӕведауцӕй.

Уой ӕвдесӕнӕн мухур кӕнӕнӕн нӕ номдзуд финсӕг ӕма ӕхсӕнадон архайӕг Малити Геуӕргий радзурд «Федоги мӕлӕт».

Ци ӕнӕрастдзийнадӕ, мӕгур лӕги цардисафӕг ӕверхъаудзийнади туххӕй си цӕуй дзубанди, уӕхӕн цаутӕ, баруагӕс уи уӕд, минкъий не 'рцӕуй нӕ нуриккон цардиуаги дӕр.

## ФЕДОГИ МӔЛӔТ

Гъӕуи къӕнцӕлармӕ бацудӕй бӕрзонд, ставдкӕндтитӕ лӕг. Зӕронд цармӕй конд пихсилтӕ ходӕ, зӕронд ӕмпъузтитӕ цохъа гӕрзин ронӕй баст, фесбунфий худихӕлд дзабуртӕ адтӕнцӕ ӕ дарӕс. Е адтӕй гъӕууон федог Дадо. Цудӕй Дадобӕл, ӕвӕдзи, ӕртинсӕй анземӕй фулдӕр, уотӕ зӕгъун ӕнгъизтӕй, уой ӕнхъирдтӕ цӕсгон ӕма уорсалист закъӕмӕ кӕсгӕй.

Къӕнцӕлари стъоли сӕргъи бадтӕнцӕ ефтонг лӕхъуӕнтӕ, гъӕуихецау, ӕма ӕд кӕсӕнцӕститӕ каргин уруссаг писир.

- Уӕ сӕумӕ хуарз! – исдзурдта сӕмӕ Дадо.

- Арфиаг уо! – загътонцӕ ин етӕ дӕр.

Еу усмӕ, уӕдта гъӕуихецау курӕти дзиппӕй уорс къохмӕрзӕн исиста ӕма 'й ӕ цӕсгонбӕл радаудта.

- Гъи, Дадо, - загъта е ӕрӕгиау, - гъигӕ дин уодзӕнӕй, ӕвӕдзи, фал дӕ цохвӕндӕ скодтан.

- Куд цохвӕндӕ? – къех фӕрсӕ ракодта Дадо.

- Ӕндӕр федог ихуӕрсӕн, - загъта гъӕуихецау. – Ду ӕрзӕронд дӕ, дӕ хъур сфӕлмаст ӕй, ӕма федогӕн нӕбал бӕззис.

Ӕгуппӕг цума фӕцӕй, уотӕ еу усмӕ Дадо дзорунгъон нӕбал адтӕй, ӕ бауӕр диз-диз кодта: ӕ хузӕ нийвадӕй, хеди тӕф рагъардта е 'нхъирдтӕ тӕрнихӕй.

Дӕс ӕма инсӕй анзей бӕрцӕ е федогӕй фӕххаттӕй гъӕргӕнгӕ устур дзилли гъӕунгти. Дадо, цит, ку рацӕуидӕ гъӕр кӕнунмӕ, уӕд гъӕунгтӕ адӕмӕй байдзаг уиуонцӕ, нихӕси зӕрӕндтӕ сӕ дзубанди ниууадзиуонцӕ, силгоймӕгтӕ къӕрӕзгитӕй, каути цъӕстӕй нийгъосиуонцӕ; биццеутӕ уадӕнцӕ ӕ размӕ. Уотемӕй гъӕунгӕй гъӕунгӕмӕ, гъӕуи еу кӕронӕй иннемӕ гъӕргӕнгӕ хаттӕй зӕронд федог Дадо.

Анз дууӕ-ӕртӕ хатти бегарай уӕрдун ӕма къӕбиси хӕццӕ дзиллӕбӕл ӕрзелидӕ ӕ мизд есунмӕ.

Лӕвардтонцӕ ин – ка ӕхца, ка мӕнӕуӕ, ка нартихуар, ка ӕндӕр ести. Уотемӕй дардта ӕхе ӕма ӕ зӕронд хӕфцӕстӕ уоси, - зӕнӕг ин нӕ адтӕй. Ци ма кӕна? Куд дара ӕхе, косӕн дзаумау имӕ ку неци ес?

- Ци дин кодтон? Цӕмӕн мӕ исафис? – кӕунгъӕлӕсӕй батхалдта е гъӕуихецаумӕ.

- Неци мин кодтай, - загъта гъӕуихецау, - фал дин ку зӕгъун, базӕронд дӕ ӕма федогӕн нӕбал бӕззис.

Дадо куддӕр гъӕла кӕсӕ никкодта, гъавта ма цидӕртӕ зӕгъунмӕ, фал уоди унгӕгдзийнадӕ хъурмӕ схъӕрттӕй ӕма 'й дзорун нӕбал уагъта.

- Ӕндӕмӕ цо, ма нӕ хъор кӕнӕ, - загъта ин еу усми фӕсте гъӕуихецау.

Дадо бадонзонуг ӕй, ӕ бӕрзӕй ин цума устур гъелӕй ниццавдӕй, уотӕ имӕ фӕккастӕй, ӕма гупгӕнгӕ рахаудтӕй уӕлгоммӕ.

- Гъей, есгетӕ рацӕуӕнтӕ медӕмӕ, - радзурдта къӕразгӕй гъӕунгӕмӕ гъӕуихецау, - мӕнӕ зӕронд федог Дадо рамардӕй.

## ӔГУСТ АДӔЙМАГ – МӔСТИГӔР...

Гъе уӕхӕн ӕверхъау цауи, мӕгур зӕронд лӕги тӕрегъӕддаг рамарди фӕдбӕл куд нӕ бахъонц кӕндзӕнӕ... Уӕдта еци гъенцъунгӕнгӕй куд нӕ бафтуйдзӕнӕ уӕззау сагъӕстӕбӕл? Рӕстуодӕй хъиамӕтгӕнӕг адӕймаг цалинмӕ кустгъон фӕууй, уӕдмӕ ма куддӕртӕй фӕгъгъӕуй, фал, си уоййасӕбӕл пайда нӕбал ес, зӕгъгӕ, уӕдта 'й ӕнӕгъӕугӕ дзаумауи хузӕн еуварс рагӕлдзунцӕ...

Уой абони нӕхе цӕститӕй нӕ уинӕн? Советон цардарӕзти кӕд фагӕ адтӕй гъӕндзийнӕдтӕ дӕр, уӕддӕр си кустгъон адӕймаги ӕ кустӕй уотӕ ӕнцонтӕй ратӕрӕн нӕ адтӕй. Нури, «гъӕддаг капитализми» доги ба еугур кустадон фӕрӕзнитӕ дӕр еугай бонгинти къохти 'нцӕ ӕма сӕ куд фӕндуй, уотӕ кӕнунцӕ. Цӕмӕй имӕ фулдӕр ӕфтуйӕгтӕ хауа, ӕ косгути нимӕдзӕ минкъийӕй-минкъийдӕр куд уа, уобӕл архайгӕй, ӕ тӕккӕ кустгъон кари фӕллойнӕгӕнгути фендӕдуар кӕнуй. Ӕма 'й ӕ еци гурумухъ хевӕнддзийнади туххӕй ба карз бафӕрсӕг нӕййес.

Уомӕ гӕсгӕ нӕмӕ фулдӕрӕй-фулдӕр кӕнунцӕ, кустгъонӕй ӕгуст адӕми бӕрцӕ. Президент В. Путин, ӕвӕдзи, хумӕтӕги нӕ загъта, нӕ бӕсти тӕккӕ сагъӕссагдӕр фарстатӕй еу ӕй дзиллон ӕгустдзийнадӕ. Абони Уӕрӕсей ӕгуст адӕми бӕрцӕ иссӕй дӕс миллионемӕ хӕстӕг. Етӕ 'нцӕ нимади ка 'й, етӕ. Фал нимади ка нӕй, уони хӕццӕ ба еци нимӕдзӕ зингӕ фӕффулдӕр уодзӕнӕй. Ӕма нур уойбӕрцӕ адӕм ци кӕнонцӕ, сӕ царди хабӕрттӕ кутемӕй аразонцӕ. Сӕ фурӕгудзӕгӕй си кадӕртӕ сӕхемӕ сӕ къох дӕр исесунцӕ, кадӕртӕ ба ӕведауцӕ гъуддӕгутӕбӕл фӕццалх унцӕ. Куд фӕззӕгъунцӕ, ревӕд цард нецӕбӕл ӕнцойнӕ кӕнуй, ӕма си фидбилиз хезӕ…

## АДӔМИ ЦӔСТӔ – УИНАГӔДӔР

### ЦИУАВӔРТӔ ӔНЦӔ УЕ 'ФТУЙӔГТИ СӔЙРАГДӔР РАВГИТӔ?

Аци ӕрфарсти ка архайдта, уони бон адтӕй еу кенӕ цалдӕр позиций равзарун.

| | |
|---|---|
| СӔЙРАГДӔР КУСТИ УЛУПА | 71.4 |
| ПЕНСИ, АГЪАЗИ ФӔРӔЗНИТӔ, ПАДДЗАХАДИ 'РДИГӔЙ АГЪАЗ, ХУӔРЗАУОДУНДЗИЙНАДӔ | 33.2 |
| ХЕ АГЪАЗАДИ ХӔДЗАРАДӔ, НИДӔНУАТ | 23.8 |
| АЛЛИХУЗОН УӔЛӔНХАСӔН КУСТИТӔ | 16.7 |
| ХЕУӔНТТИ ӔМА ЛИМӔНТИ АГЪАЗ | 11.3 |
| ДУККАГ РАУӔНИ КУСТ | 7.8 |
| ЕСБОНАДӔ АРЕНДИ ДӔТТУНӔЙ ӔФТУЙӔГТӔ, ӔВӔРӔНТӔЙ ПРОЦЕНТТӔ | 4.0 |
| ХЕ БИЗНЕС | 3.9 |



## ДӔ ЦЪУХБӔЛ КУ НӔ ХУӔЦАЙ...



Еу лӕг, дан, ӕртӕ боней ӕмгъудӕй кӕмидӕр командировки адтӕй. Ӕртӕ боней дӕргъи ӕй ӕ хӕстӕгутӕ, е 'мбӕлттӕ ӕма зонгитӕ фӕррахинцӕ-бахинцӕ кодтонцӕ. Ӕ фӕстӕмӕ цӕуни афонӕ ку ӕрхъӕрттӕй, уӕд косгӕ бон нӕ адтӕй ӕма ӕ командировки фӕдбӕл гӕгъӕдитӕ ӕ зонгӕмӕ ниууагъта, хецаумӕ сӕ бахъӕртун кӕнӕ, цӕмӕй си е ӕ къохфинст ниввӕра ӕма 'й мухурӕй исфедар кӕна, зӕгъгӕ.

Хецау командировки ӕрцӕуӕги хабӕрттӕ зудта ӕма, гӕгъӕди ка бахаста, уомӕн уотӕ: «Уадзӕ 'й. Нӕхуӕдтӕ 'й рарветдзинан».

Ӕцӕгӕйдӕр уотӕ бакодтонцӕ: ӕ гӕгъӕдитӕ ин рарвистонцӕ. Айдагъ ӕхемӕ нӕ, фал ӕ хецаумӕ. Финсгӕ ба си ни никкодтонцӕ уотӕ: «Прибыл, выпил, убыл»...

*Аци хабар ӕ публицистикон новеллити ӕмбурдгонди ракодта Дзасохти Музафер. Мах ба 'й уомӕ гӕсгӕ ӕримистан, ӕма нӕмӕ уӕхӕн «командировочныйи» хузӕн косгутӕ, гъулӕггагӕн, ӕгӕр исберӕ 'нцӕ. Ке си косун нӕ фӕффӕндуй, ка ба си арӕхсгӕ дӕр уоййасӕбӕл нецӕмӕ фӕккӕнуй, уотемӕй еу бӕрнон бунати фӕббаддзӕнӕнцӕ, уӕдта сӕ ӕндӕр, хаттӕй-хатт бӕрзонддӕр бунатмӕ раййевунцӕ. Ӕма сӕ еци бунӕтти уотид ку бадиуонцӕ, уӕд, ка 'й зонуй, сӕ нецӕййагдзийнадӕн бабухсийанӕ, фал ӕ бӕлах дӕр е ӕй, ӕма сӕхе равдесуни зӕрдтӕй цитӕ исаразунцӕ, зӕрани зӕран е исуй. Уӕхӕнттӕн сӕ «лӕгигъӕдти» ӕвдесӕни гӕгъӕдий гъӕуама финст цӕуа: «Прибыл, нагадил, ушел...»*



**Владимир ТОЛСТОЙ,** ***Уӕрӕсей Президенти унаффӕгӕнӕг культури фарстатӕбӕл:*** **«Коррупцийӕн культури неци хузи уӕн ес. Еци адӕми меддуйней ӕлхой син барӕ нӕ дӕттуй хе пайдабӕл гъуди кӕнун...»**

*– Гъо, уӕхӕнттӕ 'нцӕ Толстойтӕ!.. Е дин Лев Николайи фурт – уруссаг революций айдӕнӕ. Владимир Ильич ба – культури ӕлхой! Фал иннетӕ ба? Кӕд культури коррупци нӕййес, уӕд, нӕ аййевади, уӕлдайдӕр ба эстради еци-еу цалдӕр адӕймаги, адӕми зӕрдӕ си исцъӕх ӕй, уотемӕй ӕдзӕсгонӕй ӕлдареуӕг кӕнунцӕ, ци ӕхцатӕ си зелдох кӕнунцӕ, уони айдагъдӕр сӕхе дзиппитӕмӕ исаразтонцӕ, уотемӕй. Е коррупци нӕй, зӕгъис? Мадта – мафи? Ӕма уӕд коррупци ӕма мафийӕй ба ци уӕлдай ес? Еу дӕр ӕма иннӕ дӕр – ӕхца, ӕхца, ӕхца...*



**Дмитрий РОГОЗИН,** ***«Роскосмос»-и сӕргълӕууӕг:*** **«Уоми адтӕй мах аппарат, е си ӕсгарӕнтӕ кодта, еузагъдӕй, уоми бунтон дзаханама ӕй. Уотӕ нимайӕн, ӕма, цийфӕнди ку уа, уӕддӕр Венерӕ ӕй уруссаг планетӕ...»**

*- Цо ӕма 'й балӕдӕрӕ, Венерӕ уруссаг планетӕ 'й, уотӕ цӕмӕн гъӕуама нимайӕн: Гъома уотӕ зӕгъуйнаг ӕй, ӕма, куд уоми, уотӕ Уӕрӕсей дӕр уавӕр дзаханамай хузӕн ӕй, зӕгъгӕ, уомӕ гӕсгӕ ӕви?.. Ӕма уӕд еци дзаханама нӕмӕ Рогозин ӕхуӕдӕг ӕма уой хузӕн «хецауеуӕггӕнӕг аразгути» фудӕй нӕ фӕззиндтӕй?.. Уогӕ дзаханай цӕрун, уой хӕццӕ ба ма си ӕсгарӕнтӕ кӕнунмӕ исарӕхсун махӕй, уӕрӕсейӕгтӕй, уӕлдай ка бафӕраздзӕнӕй!.. Уомӕ гӕсгӕ ба Венерӕ, ӕцӕгӕйдӕр, уӕрӕсейаг планетӕ 'й.*



**БЕГИЗАТИ Кермен (1898-1937),** ***финсӕг, публицист:*** **«Нуртӕккӕй ӕрвонгдӕр гъӕуама макӕд уонцӕ нӕ зунд, нӕ куст, нӕ миутӕ, нӕ архайд»**

*– Нӕ разагъди лӕг Бегизи-фурти аци зундгин фӕдзӕхст гъӕуама зӕрдтагон уа нӕ дзилли еугур фӕлтӕртӕн дӕр. Уӕлдайдӕр ба нури рӕстӕгути, нӕ адӕмӕн ӕгириддӕр сӕрмӕхӕссуйнаг ка нӕй ӕма нӕхецӕн гъӕуама ке нӕ аккаг кӕнӕн, уӕхӕн «нӕуӕгдзийнӕдтӕ» нӕмӕ ӕгӕр ку исберӕ 'нцӕ ӕма нин не 'хсӕнади хелӕдӕрундзийнадӕ сӕ зӕрандзийнадӕй ку сахъат кӕнунцӕ, уӕд. Тасдзийнадӕ ба уӕлдай карздӕр уомӕ гӕсгӕ кӕнуй, ӕма еци уавӕрмӕ цийфӕнди цӕстӕй ке кӕсӕн, нӕ уодварни кодзосдзийнади сӕрбӕлтау карзӕй ке нӕ исдзорӕн... Ӕцӕгӕйдӕр, куд нӕ гъӕуй нӕ зунди, нӕ кусти, нӕ архайди гъомусадӕ рӕстуодӕй бавдесун...*

**Сӕдӕ анзей размӕ (1920 анзи 3 октябри) В. Ленин, фӕскомцӕдеси III съезди ӕ радзубандий фӕсевӕдӕн бафӕдзахста, цӕмӕй сӕ гъудӕг гъӕздуг кӕнонцӕ, «дзиллӕ ке исфӕлдиста, еци гъӕздугдзийнӕдти зонунӕй...»**

***Известный российский дипломат и политик Юлий КВИЦИНСКИЙ (1936-2010), в свою бытность первым заместителем председателя Комитета Госдумы по международным делам, еще в 2004 году так заявил: «В южноосетинском обществе нет сил – ни больших, ни малых, которые бы ориентировались на возвращение в Грузию… перспектива вхождения в состав Грузии вызывает отторжение,***



Торжественно и радостно народ Южной Осетии отмечает каждый год День своей республики.

# Рожденное мужеством и стойкостью народа

***На сегодняшний день у осетинского народа нет более актуальной задачи, чем многие проблемы и аспекты становления государственности и суверенитета РЮО. Конечно, есть немало важнейших проблем и в Северной Осетии, однако, учитывая масштабы строительства независимого суверенного государства, на мой взгляд, проблемы Южной Осетии должны быть приоритетными. Напомню и то, что после падения средневекового Аланского государства в XIII в. осетинский народ не имел своего самостоятельного государства, тем более суверенного. Суверенитет РЮО был признан, как известно, 26 августа 2008 г., а республикой Южная Осетия себя провозгласила в далеком теперь уже 1990 г., когда ее статус фактически был до 26 августа 2008 г. непризнанным.***

## ИМПЕРСКИЕ АМБИЦИИ ТБИЛИССКИХ ВЛАСТЕЙ

После распада СССР в 1991 году в новой Российской Федерации все бывшие автономии получили новый статус республик в составе РФ. Следует подчеркнуть, что приобретение статуса республик в составе РФ было далеко не формальным актом. Все республики получили значительно больше политико-правовых полномочий. Кроме того, из пяти автономных областей РФ четыре - Адыгея, Карачаево-Черкесия, Хакасия и Горный Алтай - также были провозглашены республиками в составе РФ. При этом Москва ни в коей мере не препятствовала превращению автономных областей в республики.

Однако тбилисские власти, пронизанные имперскими амбициями, никак не признавали Юго-Осетинскую автономную область республикой в составе Грузии. Заметим, что в начале 90-х годов прошлого столетия югоосетинский народ и его лидеры еще не думали о выходе Южной Осетии из состава Грузии. Они хотели расширить политико-правовые полномочия, но в составе единой Грузии. Однако имперские амбиции Верховного Совета бывшей Грузинской ССР, а затем - Республики Грузия не позволили удовлетворить законные требования югоосетинского народа.

Как известно, решение руководства Южной Осетии о повышении своего статуса до уровня республики было успешно заблокировано в Тбилиси. Это стало одной из главных причин политико-правового противостояния между Грузией и Южной Осетией. Добавим, что грузино-абхазское политико-правовое противостояние носило еще более острый и бескомпромиссный характер. С конца 80-х годов XX века на территории бывшей Грузинской ССР систематически конфликтовали грузины, абхазы, осетины и представители многих других народов.

Конфликты постепенно стали масштабными и угрожающими. Жертвами их стали десятки людей разных национальностей. Даже некоторым экспертам из либерального лагеря, которые откровенно симпатизировали Грузии, становилось понятным, что конфликты на территории бывшей Грузинской ССР стали началом развала ее территориальной целостности. При этом все конфликтовавшие, как правило, активно использовали правовые аргументы для подтверждения своей версии.

Характер конфликтов и их последствия, в которых огромное значение имели вопросы правового статуса той или иной территории, народа или административно-территориальной единицы, обусловил подчеркнутое внимание сторон к правовой проблематике». В конце тех же 80-х годов, на мой взгляд, было еще можно выйти из глубокого этнополитического кризиса, в котором оказалось руководство Грузинской ССР. Однако тбилисские власти упустили реальные возможности, которые были для этого. В Тбилиси упустили шанс достижения урегулирования конфликтов Южной Осетии. В значительной мере этот шанс был упущен из-за бурных политических событий конца 80-х годов, которые в конечном итоге привели к распаду СССР.

Многолетний анализ данной проблемы позволяет выделить четыре периода в развитии этнополитического и правового противостояния между Тбилиси и Цхинвалом. На первом каждая из сторон отстаивала свою точку зрения по советским законам, т.е. на советском правовом поле. Для второго периода характерными являются аргументы, которые связаны с непродолжительным существованием Грузинской Демократической Республики (ГДР) во главе с меньшевистской партией (1918-1921 гг.) Третий период выходит на международно-правовые документы, существующие в ходе многолетних попыток урегулирования этнополитических конфликтов в конце 80-х до августа 2008 г. и, наконец, четвертый связан с признанием Российской Федерацией и некоторыми другими государствами независимости Южной Осетии в августе 2008 г. С этого периода и по настоящее время конфликтующие стороны используют немало аргументов, которые в той или иной степени внедрялись и на предыдущих этапах.

Южные осетины по-прежнему приводят немало аргументов, чтобы убедить мировую общественность в том, что Грузия – геноцидное государство, представляющее смертельную угрозу для коренного народа Южной Осетии. Тбилисские власти в свою очередь приводят большое количество аргументов в пользу сохранения «территориальной целостности Грузии». При этом под «территориальной целостностью» подразумевается нынешняя Грузия… с Южной Осетией.

## БЕСПЛОДНЫЕ ДИСКУССИИ ДО БЕСКОНЕЧНОСТИ?

Обращаем особое внимание на то, что создана целая историография по данной проблеме. Исконность принадлежности территории Южной Осетии остается спорной между специалистами Абхазии, Грузии и Осетии. Только в постсоветский период написаны сотни статей, брошюр, монографий, защищены кандидатские и докторские диссертации по этой проблеме. Достойно удивления то, что грузинские исследователи все доказывают «исконно грузинский характер» территорий Южной Осетии. В то же время осетинские приводят еще больше аргументов, доказывающих, что территория Южной Осетии с незапамятных времен принадлежала предкам осетин… Судя по всему, в этом вопросе исследователи еще не скоро придут к «общему знаменателю».

С конца 80-х годов XX века конфликтующие стороны все больше обращаются к законодательному наследию Российской империи. В этой связи интересным представляется мнение ученого из Северной Осетии А.Цуциева, который подчеркивает: «Этнополитические противоречия рубежа 1980-1990-х годов формируют повышенный идеологический спрос на реконструкции «исконных границ», на обоснование приоритетных «исторических прав» на оспариваемые территории или групповые статусные позиции».

Соглашаясь с его мнением, подчеркнем, что вопросы юридической правопреемственности некоторых кавказских народов с отдельными современными государствами Кавказа в силу различных объективных и субъективных причин носят недостаточно исследованный характер. По многим причинам эти проблемы имеют дискуссионный аспект. Зная хорошо аргументацию и психологию многих современных ученых, можно предположить, что дискуссии по этим вопросам могут продолжаться до бесконечности.

Абсолютно точно известно, что уже с июня 1990 года тбилисское руководство демонстративно отмежевалось от всех законов, принятых в советский период. Признав незаконными все законодательные акты как в Грузии, так и в Советской России (СССР) с февраля 1921 года (после установления советской власти в Грузии), тбилисское руководство пыталось вернуть сложную общественно-политическую ситуацию к периоду непродолжительного существования меньшевистской Грузии (ГДР).

## РЕШЕНИЕ, НАВЯЗАННОЕ БЕЗ ВОЛЕИЗЪЯВЛЕНИЯ НАРОДА

Анализ проблемы убеждает в том, что руководство Грузии допустило стратегический просчет, выступая за такое концептуальное решение. Отстаивая если не ошибочный, то весьма спорный «аргумент» о пребывании Южной Осетии в составе меньшевистской Грузии, в Тбилиси делали расчет на «весомые» политические факты. Признание незаконными всех законодательных актов советского периода, по мнению стратегов из Тбилиси, должно было окончательно «объединить» Южную Осетию с Грузией. А получилось совсем подругому - и национально-освободительная борьба в Южной Осетии завершилась созданием новых независимых государств, о чем будет сказано подробнее далее.

В Тбилиси ориентировались на договор ГДР с РСФСР от 7 мая 1920 г., где недвусмысленно подчеркивалось, что Абхазия и Южная Осетия являются составными частями Грузии. Заметим, что по этому вопросу ни в Москве, ни в Тбилиси никто даже формально не поинтересовался мнением осетинского населения. Кроме того, в Тбилиси рассчитывали и на некоторые важные политико-правовые документы ГДР, связанные с определением статуса Южной Осетии. Как бы то ни было, но РСФСР однозначно признавала независимость и самостоятельность Грузинского государства. В статье № 1 Договора между ГДР и РСФСР от 7 мая 1920 года подчеркивалось: «Исходя из провозглашенного Российской Социалистической Федеративной Советской Республикой права всех народов на свободное самоопределение вплоть до полного отделения от государства, в состав которого они входят, Россия безоговорочно признает независимость и самостоятельность Грузинского государства и отказывается добровольно от всяких суверенных прав, кои принадлежали России по отношению к грузинскому народу и земли».

В статье III договора устанавливалось направление линии границы между ГДР и РСФСР:



*люди говорят, что готовы сопротивляться всеми силами… Это суровая правда жизни… Отсюда вытекает лишь один вывод: надо лишить Тбилиси соблазнов и возможностей пускаться на … авантюры, открывать новый период кавказских войн. Это в интересах народов Кавказа, в интересах народов России, международного сообщества да и, по большому счету, самой Грузии.»*



«**1.** Государственная граница между Грузией и Россией проходит от Черного моря по реке Псоу до горы Ахахча и горы Аганета и по северной границе бывших губерний Черноморской, Кутаисской и Тифлисской до Закатальского округа и по восточной границе этого округа до границы с Арменией.

**2.** Все перевалы на означенной пограничной линии до первого января тысяча девятьсот двадцать второго года признаются нейтральными. Они не могут быть занимаемы войсками ни одной из обеих договаривающихся сторон и не могут быть ни одно из них укрепляемы.

**3.** На Дарьяльском перевале указанная в пункте 2 настоящей статьи нейтрализация будет распространена на протяжении перевала от Балты до Коби на Мамисонском перевале от Зарамага до Они, а на всех прочих перевалах - на пятиверстное в обе стороны от пункта прохождения границы расстояние.

**4.** Точное проведение государственной границы между обеими договаривающимися сторонами будет произведено особой смешанной пограничной комиссией с одинаковым числом членов от обеих сторон. Результаты работы этой комиссии будут закреплены в особом договоре между обеими договаривающимися сторонами».

Подчеркну, что РСФСР полностью предоставляла все права для грузинского народа, реализации права нации на самоопределение вплоть до отделения и образования нового независимого государства. Парадокс состоял в том, что грузины воспользовались этим правом сполна и даже в подарок еще получили от Москвы Южную Осетию, о добровольности которых никто и не спрашивал. В то же время Грузия, получив независимость от РСФСР, отказывала и до сих пор всеми силами препятствует реализации права нации на самоопределение для абхазского и югоосетинского народов.

Заметим и другое. Советская Россия принимала на себя серьезные обязательства, когда Грузия решила стать самостоятельным независимым государством. Однако в Москве в силу различных причин и не предполагали, что независимая Грузия начнет войны на территории Южной Осетии, показывая образцы геноцидного, имперского государства.

С приобретением независимости меньшевистская Грузия организовала войны на территории Южной Осетии, которые фактически стали геноцидом для югоосетинского народа. Этой теме посвящены многочисленные исследования, где приводятся убедительные факты и документы, что освобождает автора этих строк от повторов известных уже истин…

## ГЕНОЦИД ПРОТИВ ЮЖНОЙ ОСЕТИИ

Возвращаясь к Договору между РСФСР и ГДР от 7 мая 1920 года, подчеркнем, что российская сторона признавала спорную (между РСФСР и ГДР) северную границу Грузии. Она была спорной из-за некоторых территорий, на которые претендовали как осетины, так и грузины (Гудский район - по осетински «Хъуды ком»). Тем не менее, советская Россия как правопреемница Российской империи, в состав которой осетины без деления на северных и южных вошли в 1774 года, отдала некоторые районы исконно осетинских территорий под юрисдикцию меньшевистской Грузии. Так, в пункте I статьи IV Договора было записано: «1. Россия обязуется признать безусловно входящими в состав Грузинского Государства, кроме отходящих к Грузии в силу пункта 1 статьи III настоящего Договора (пункт, в котором фиксировалось направление границы. - **Авт.**) частей Черноморской губернии (северная часть нынешней Республики Абхазия. – Авт.), нижеследующие губернии и области бывшей Российской империи – Тифлисскую, Кутаисскую и Батумскую со всеми уездами и округами, составляющими означенные губернии и области, а также округа Закатальский и Сухумский.

2. Впоследствии, по мере выяснения взаимоотношений между Грузией и другими кроме России государственными образованиями, существующими или имеющими создаться и сопредельными с Грузией по другим границам, чем та, которая описана в предшествующей статье III настоящего Договора, Россия выражает готовность признать входящими в состав Грузии те или иные части бывшего Кавказского Наместника, которые отойдут к ней на основании заключенных с этими образованиями договоров».

Руководители Советской России, подписывая Договор от 7 мая 1920 года, не только преследовали лишь только благородные цели, но и решали конъюнктурные политические задачи.

**Во-первых**, грузинский фактор в руководстве РСФСР был достаточно влиятельным (И.В. Сталин- Джугашвили, Г.К. Орджоникидзе, А.С. Енукидзе и др.) Грузины в руководстве РСФСР имели реальные возможности для принятия кардинальных решений. А это означало, что Южная Осетия без волеизъявления югоосетинского народа должна была быть присоединена к отделявшейся от РСФСР Грузинской Демократической Республике.



**Во-вторых**, к моменту подписания договора между Москвой и Тбилиси гражданская война в России еще продолжалась, и положение большевиков как правящей политической партии оставалось недостаточно устойчивым и стабильным. Именно поэтому, на мой взгляд, большевикам даже при благосклонном отношении Южной Осетии в мае 1920 года было не до них.

**В третьих**, в Тбилиси брали на себя обязательства не только не допускать на своей территории никакой деятельности, направленной против РСФСР и выдать Москве причастных к такой деятельности (статья V), но и «освободить от наказания и дальнейшего преследования, судебного или административного, всех лиц, подвергшихся на территории Грузии такому преследованию за деяния, совершенные в пользу РСФСР или в пользу Коммунистической партии».

К этому следует добавить, что статья X договора предусматривала освобождение грузинскими властями «лиц, находящихся в тюремном заключении за деяния указанного выше рода». Проще говоря, меньшевики Грузии во главе с Н.Н. Жордания брали на себя обязательства не преследовать лиц, группировки и партии, которые вынашивали идею свержения меньшевистского правительства.

С политико-правовой точки зрения данный факт следует рассматривать как большой успех большевиков, так как Договор от 7 мая 1920 г. создавал прекрасные условия для ввода частей Красной армии в меньшевистскую Грузию и установления там советской власти.

**В-четвертых**, легитимность Договора от 7 мая 1920 года, на мой взгляд, является уязвимой, так как к времени его подписания советская власть еще не имела международного признания. Отдельные исследователи данной проблемы справедливо ставят вопрос, «насколько правомочной была апелляция к этому Договору со стороны Верховного Совета Грузинской ССР, органа, созданного в результате свержения правительства Грузинской Демократической Республики, и в какой степени Грузинская ССР могла быть объявлена правопреемником ГДР». Добавим к этому, что Конституция Грузинской ССР 1978 года(т.е. советский вариант Конституции еще действовал и в 1990 году)

**В-пятых**, наиболее сложной, противоречивой и уязвимой в этой проблеме остается волюнтаристское включение Южной Осетии в состав «территориально-целостной» Грузинской Демократической Республики.

Политико-правовая аргументация Южной Осетии во взаимоотношениях с Грузией отличается местами неопределенностью, местами - волюнтаризмом со стороны грузинских властей. Если брать исторические аспекты, то необходимо еще раз подчеркнуть, что Осетия как единое целое, без деления на «северных» и «южных», присоединилась в 1774 году к Российской империи. Заметим и то, что Осетия присоединилась к России раньше, чем отдельно взятые грузинские княжества, например, Картли-Кахетинское, Имеретинское, Гурийское и др. К моменту вхождения отдельных грузинских княжеств в состав Российской империи не было еще единой, тем более «территориально целостной» Грузии. Ее «собирала» Российская империя, а в 1920 году, воспользовавшись большевистским правом нации на самоопределение, Грузия отделилась от РСФСР, «прихватив» с собой еще Южную Осетию.

С правовой точки зрения «прихват» Южной Осетии был одним из самых уязвимых пунктов Договора от 7 мая 1920 года(это тема специального исследования). С установлением меньшевистской власти в Грузии в 1918 г. начались и без того сложные отношения Южной Осетии с тбилисскими властями. Проблема осложнялась тем, что на территории Южной Осетии советская власть победила раньше, чем в самой Грузии. Поэтому ее органы в Южной Осетии не признавали меньшевистское Правительство Грузии, и данный факт носит не только исторический, но и правовой характер. В 1920-1921 годах Южная Осетия в силу нескольких причин не стала предметом международно-правовых актов. Политические и военные события 1918-1920 годов. не стали достоянием российской, а особенно международной общественности. На то было несколько объективных причин.

Во-первых, в России шла Гражданская война, которая унесла миллионы человеческих жизней (точное количество жертв войны до сих пор остается предметом ожесточенных споров ученых-исследователей). Несколько миллионов российских граждан вынужденно эмигрировали за границу. Сумахотой и неразберихой воспользовалась правящая меньшевистская партия Грузии во главе с Н.Н.Жордания, организовавшая геноцид югоосетинскому народу летом 1920 года О геноцидном характере событий в Южной Осетии в 1920 года написано немало исследований, и в данной статье нет необходимости повторять цифры и факты, ставшие достоянием широкой научной и публицистической общественности…

## МЫ ДОЛЖНЫ ПОМНИТЬ И ЧТИТЬ СВОИХ ГЕРОЕВ

В апреле 1922 года большевистское руководство Грузинской ССР предоставило автономию Южной Осетии, заверяя осетин на всех уровнях в «нерушимой дружбе осетин и грузин», «братских отношениях», «социалистическом интернационализме», «перспективах социалистического строительства», где действительно не должно было быть места национализму и шовинизму. К этому следует добавить то, что с установлением советской власти в Грузии (в феврале 1921 года) активно начали обсуждать вопрос объединения Севера и Юга единой Осетии.

Вынашивались разные планы и перспективы объединения единого во всех отношениях осетинского народа. В них, разумеется, было немало и политической конъюнктуры, коварства и лицемерия со стороны тех, кто имел возможности принимать решения на самом высоком уровне. Не имея возможности подробно расписывать варианты обсуждения плана объединения Осетии, подчеркну, что партийные и советские руководители Осетии, Грузии, бывшего Советского Союза разделились на два лагеря: в первом - те, кто хотел объединения двух Осетий в составе Грузинской ССР; во втором - те, кто видел обе части Осетии в составе РСФСР.

Заметим, что данная проблема до сих пор не теряет актуальности, о чем свидетельствует победа партии «Единая Осетия» (руководитель А.И. Бибилов) в мае 2014 года на парламентских выборах в Республике Южная Осетия. Партия «Единая Осетия», действующая на территории Южной Осетии, аргументированно и целенаправленно призывает к объединению Севера и Юга Осетии. Данная проблема, на мой взгляд, является наиболее актуальной и востребованной в современном осетинском обществе.

И в заключение своих размышлений еще раз подчеркну: День Республики Южная Осетия - это не только большой праздник для граждан Южной Осетии… Это огромное праздничное событие для всей Осетии. Мы всегда должны помнить не только мужественных защитников и стойких борцов за независимость Южной Осетии, но и Великую Россию, без реальной помощи которой невозможны были бы ни процветание, ни тем более государственный суверенитет Южной Осетии!..

***Валерий ДЗИДЗОЕВ,***
***доктор исторических наук, профессор,***
***зав. кафедрой теории государства***
***и права и политологии***
***юридического факультета***
***Горского госагроуниверситета.***

*Зундгонд ирон финсæг Айларти Измаил, æ уадзимистæй еуеми финста: «Карæмæ амонгæй алли адæймаг дæр фæууй æхсæнади минæвар бæрæг бартæ æма ихæсти хæццæ. Адæймаг æхсæнадон уавæрти æ бартæй цæйбæрцæ раст пайда кæна, æ ихæстæ куд бæрнонæй æнхæстгонд цæуонцæ, уомæ гæсгæ ин аргъ фæууй æхсæнади, бийнонти, гъæубæсти æма комбæсти гъосдардæй, архайдæй... Растæй-зулунæй,*

# УАДЗÆ ÆМА СÆ КÆСТÆРТÆ ЗОНОНЦÆ, ФÆНЗОНЦÆ СÆ!..

***Дигоргоми гъæутæн сæ рæсугъддæр æма устурдæртæй еу æй Стур Дигорæ. Нури доги си кæд уоййасæбæл берæ бийнонтæ нæбал цæруй, уæддæр си раги ба цардæнцæ берæ муггæгтæ. Уонæй æнцæ Хаймантæ дæр. ХАЙМАНТИ Куцук æма Зæлийæн (Малиуонæн) адтæй цуппар фурти: Налдо, Уруси, Анзор æма Дзаге, уæдта ма дууæ кизги. Хайманти Уруси æма Фæкъуйæн (Чихтисонæн) ба адтæй æртæ фурти: Дрис, Сергей æма Саих. Адæми 'хсæн цардæнцæ хæларæй æма уарзонæй. Кустонцæ æма гъомбæл кодтонцæ сæ цæуæти, уони хуарздзийнадæбæл ауодгæй, бæлдтæнцæ син сæ райдзастдæр исонибонмæ.***



**ХАЙМАНТИ Венерæ,**
ахуради æма фæллойни ветеран.

Царди ба уомæй хуæздæр æма амондгундæр ма ци ес, дæ цæуæт раст надбæл ку ниллæуунцæ, уæд. Уруси æма Фæкъуйæн сæ хестæр фурт **Дрис** райгурдæй 1895 анзи Стур Дигори. Адтæй æвзугъд, зундгин, цардбæллон. Куд æнæгъæнæ Уæрæсей, уотæ Цæгат Иристони дæр фæллойнæгæнæг адæм еузæрдиуонæй Советон хецаудзийнади сæрбæлтау тохи ку бацудæнцæ, уæд Хайманти æвддæсанздзуд лæхъуæн дæр æрлæудтæй нæуæг цардарæзтбæл тохгæнæг сурх партизанти рæнгъити.

Уæдмæ райдæдта граждайнаг тугъд уорсгвардионти нихмæ. Карз тох цудæй Киристонгъæуи (нури сахар Дигора) æма æ алфамбулайти. Æма еци карз тохи рæстæг,1919 анзи Дрис бæгъатæрæй фæммард æй хъазахъæгти къохæй. Байвардтонцæ 'й æ райгурæн гъæу Стур Дигори. Абони дæр ма æ цирт æд циртдзæвæн æй дзæбæх уавæри зæронд уæлмæрдти, зелунцæ имæ е 'нсувæри кæстæртæ, алли анз дæр æй бафснайунцæ. Гъулæггагæн, æхецæн неке байзадæй, уомæн æма æ киндздзаг Етдзати Аннæ курдуати байзадæй. Сурх-Дигори устур гъæунгтæй еу хæссуй Дриси ном. Искодтонцæ ибæл кади зар дæр. Уой зæрдтагон рæнгъитæй райгъусуй, мæ мадæ æма мин мæ дууæ æнсувæри багъæуай кæнетæ, зæгъгæ, æ фæстаг фæдзæхст...

Уруси æма Фæкъуй дуккаг фурт **Сергей** дæр райгурдæй Стур Дигори, 1905 анзи. Сергей дæр хъазауатонæй тох кодта нæуæг, социалистон гъæуuон хæдзаради арæзтбæл. Колхозтæ аразун ку райдæдтонцæ, уæд Сергей æвзурст æрцудæй Стур Дигори колхози фиццаг сæрдарæй. Хуæнхбæсти цæрæг адæм будурмæ ледзун ку райдæдтонцæ, уæд Хаймантæ дæр рацудæнцæ æма æрцардæнцæ Сурх-Дигори. Нæуæг æрледзæг адæм дæр æмхузонæй исæвзурстонцæ Хайманти Сергейи Гетъоти Хадзеумари номбæл колхози сæрдарæй, куста ма гъæусовети сæрдарæй дæр.

Уæдмæ райдæдта Устур Фидибæстон тугъд æма Сергей барвæндонæй 1941 анзи фиццæгти хæццæ рандæй нæ Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй багъæуай кæнунмæ. Æ фæсте ниууагъта еу иннемæй минкъийдæр æхсæз сувæллони. Знаги нихмæ тохи карз уавæрти дæр куд нæ бæлдтайдæ уони фæууинунмæ, куд нæ бæлдтайдæ уони райдзастдæр исонибонмæ, фал... Нæбал ин бантæстæй уони фæууинун, нæ базудта, куд исгъомбæл æнцæ, ци бацæнцæ, куд рауадæнцæ сæ карни хабæрттæ, уой... Райгурæн бæсти сæребарæ æма хуæдбарæдзийнади сæрбæлтау иснивонд кодта æ цард... Цифуддæр знаги нихмæ хъазауатонæй тох кæнгæй, бæгъатæрæй фæммард æй 1942 анзи Севастополи тугъдтити. Мах, Сергейи цæуæт, ку рагъомбæл ан, уæд дууæ хатти адтан Севастополи, бабæрæг кæнианæ, нæ фидæн е 'носон бунат ка иссæй, еци рауæн, уордигæй исласианæ сикъит æ райгурæн зæнхæмæ...

Сергейи цардæмбал Дарицкамæ дессаги фæразундзийнадæ, хъаурæ æма нифс разиндтæй, æ цæуæт уотæ исгъомбæл кодта, æма беретæн иссæнцæ дæнцæ, ка си ци гъуддаги архайдта, уоми сæхе æвдистонцæ хуæрзæгъдауæй æма арæхстигинæй, адæм си арфиаг адтæнцæ, уотемæй.



Устур Фидибæстон тугъди рæстæг немуцаг-фашистон æрбалæборæг знаги нихмæ тохмæ Сурх-Дигорæй рандæнцæ 670 адæймаги, 350 тугъдони си сæ цард иснивонд кодтонцæ Райгурæн бæсти сæребарæдзийнади сæрбæлтау. Уони номерæнæн гъæуи бæрæгастæу æвæрд æрцудæй циртдзæвæн.



ХАЙМАНТИ Уруси фурттæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): Сергей, Дрис æма Саих

Уруси æма Фæкъуй æртиккаг фурт **Саих** дæр Стур Дигори райгурдæй, 1910 анзи. Ахур кодта скъолай, адтæй æхсæнадон гъуддæгути разæнгардæй архайæг, фæскомцæдесонти раздзæуæг. Ахур кодта Мæскуй, фæцæй каст Политсовети къурситæ дæр. 1935 – 1938 æнзти адтæй Сурх Æфсади рæгъити. Уордигæй исæздæхгæй, 1939 анзи æвзурст æрцудæй Фæснæли райæнхæсткоми сæрдарæй. Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд Саих, кæд фронтмæ æрветунæй сæрмагонд унаффæмæ гæсгæ (уруссагау «бронь» хундтæй) уæгъдæгонд адтæй, уæддæр фиццæгти хæццæ барвæндонæй рандæй тугъдмæ. Тох кодта 571-аг æхсæг полкки рæнгъити. Архайдтонцæ Цæгат Иристони, Кæсæг-Балхъари, Стъараполи æма Краснодари зæнхæбæл тугъдтити. Хестæр лейтенант Хайманти Саих бæгъатæрæй фæммард æй, Славянск-на-Кубани, еци рауæни тугъди. Еци карз тохи е 'мбæлтти знаги нихмæ комкоммæ рампурсунмæ исразæнгард кодта æма æхуæдæг сæ разæй, уотемæй фæммард æй... Байвардтонцæ 'й, советон æфсæдтæ знагæй ке исуæгъдæ кодтонцæ, еци райони. Æнсувæрон циртдзæвæнбæл финст ес: «Политрук Хайманов Саих Урусиевич пал смертью храбрых 12 марта 1943 года. Краснодарский край, Славянский район, поселок Прорвенский». Мах, е 'нсувæри цæуæт, æй бабæрæг кодтан еци рауæн, нæхе дигорон æгъдаумæ гæсгæ ин æримистан æ рохс ном, рохсаг ин загътан... Æ циртдзæвæни къарæ ин исистан... Æхецæн еунæг биццеу адтæй, гъулæггагæн, раги рамардæй.

* * *

Урусий æнсувæр **Анзорæн** адтæй æртæ фурти: **Мухари**, **Къостан æма Петр**. Хестæр фурт Мухари райгурдæй 1900 анзи Стур Дигори. Куста Мæхчески райони (уæди рæстæги адтæй уæхæн район дæр, уой фæсте æй байеу кодтонцæ Ирæфи райони хæццæ) райфæлхасади сæргълæууæгæй. Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд Мухари дæр иннæ адæми хæццæ 1941 анзи рандæй нæ бæстæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй багъæуай кæнунмæ...

Хестæр лейтенант Хайманти Мухари 138-аг æхсæг дивизий архайæг, рамардæй 1944 анзи 14 ноябри. Байзадæй ин æхсæз сувæллони, абони ма си цардæгас æй еунæг кизгæ.

Анзори дуккаг фурт, Къостан дæр Стур Дигори райгурдæй, 1908 анзи. Иссæй ахургонд специалист, куста фонси дохтирæй. Е дæр æмгъæуккаг тугъдонти хæццæ рандæй тугъдмæ, цифуддæр знагæй нæ бæстæ багъæуай кæнунмæ... Æма е дæр тугъди будурæй нæбал исæздахтæй - старшина Хайманти Анзори фурт Къостан фæммард æй 1944 анзи 9 октябри. Байвардтонцæ 'й Чехий, Смолник, зæгъгæ, гъæуи æнсувæрон цирти. Адтæй ин кизгæ æма биццеу, фал си, гъулæггагæн, цардæгас некебал æй, рохсаг уæнтæ.

Анзори æртиккаг фурт, Петр, дæр райгурдæй Стур Дигори 1912 анзи. Адтæй ахургонд, куста ахургæнæгæй. Е дæр æригонæй рандæй тугъдмæ нæ бæстæ тогмондаг знагæй багъæуай кæнунмæ... Æма æбæрæгæй фесавдæй 1942 анзи феврали карз тугъдтити рæстæг... Æ фæсте неке байзадæй, уомæн æма бийнонтæ исаразунмæ нæ рахъæрттæй.

* * *

Хайманти Уруси æма Анзори æнсувæр **Дзагейæн** адтæй дууæ фурти: **Хъæрæсе** æма **Батæрбег**. Сæ дууæ дæр сæ карæмæ гæсгæ тугъди нæ адтæнцæ. Хайманти Хъæрсейæн адтæй дууæ фурти: Геуæрги æма Харитон (фæсномугæй æй худтонцæ

**Цуппæрдæс æма æртинсæй анзей размæ (1946 анзи 1 октябри) æ куст фæцæй Нюрнберги процесс, кæцими тæрхонгонд цудæй фашизми раздзæугутæн. Дууадæсемæй си уæд рахастонцæ ниййауиндзуни тæрхон.**

***хуарзæй-лæгъузæй адæймаг æй адæми минæвар æма, цийфæнди æвзагбæл дзорæд, кæцифæнди динбæл - æууæнкадæбæл хуæцæд, уæддæр æй Хуцауи размæ гъæуама тæрегъæдæй тæрса, æ дзилли рази – ходуйнагæй. Рæстæй цæрæг, рæстбæл косæг æма рæстбæл дзорæг адæмæн-дзиллæн сæ сæйрагдæр бæллец гъæуама уа кæрæдзей нимайун æма æууæнки цæун цийфæнди фудуавæрти дæр...»***





**ХАЙМАНТИ Анзори фурттæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): Мухари, Петр æма Константин**

Бецо). Геуæрги райгурдæй 1923 анзи. Хуарз ахур кодта скъолай. Финста æмдзæвгитæ, радзурдтæ, очерктæ. Æхсæрдæсанздзудæй иссæй республики æма райони газетти активон уацхæссæг.

Сурх-Дигори астæуккаг скъола каст ку фæцæй, уæд бацудæй Дзæуæгигъæуи педагогон институтмæ, ахур кодта филологон факультети. Фиццаг къурс каст ку фæцæй, уæд сæ хæдзари æгудзæг уавæртæмæ гæсгæ раййивта фæсауууонмæ ахур кæнунмæ. Райдæдта ахургæнæгæй косун Сурх-Дигори астæуккаг скъолай уруссаг æвзаг æма литератури ахургæнæгæй. Адтæй имæ аййевадон æма публицистон уадзимистæ финсунмæ устур ацъагъуæ, æхецæн берæ исфæлдистадон гъуддæгутæ бæргæ нисан кодта, æма ин уонæй берæ цидæртæ исаразун нæ бантæстæй.

Æ мадæ хъæбæр сæйгæ адтæй æма ин е балигъстæ кодта, цæмæй цардæмбали гъуддаг бакодтайдæ. Байгъуста æ мадæ æма æ фидæмæ, бийнонти гъуддаг бакодта... Фал ин æ цардæмбали хæццæ еумæ цæргæ раадæй æдеугурæй еунæг мæйæ - райдæдта Устур Фидибæстон тугъд æма лæг рандæй тугъдмæ.

Геуæрги фиццаг куста штаби финсæгæй, уой фæсте ба иссæй минометчикти взводи командир.

Æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй ин лæвæрд æрцудæй майдан «Кавказ багъæуай кæнуни туххæй». Уæдмæ бахаудтæй Прибалтикон фронти 15-аг дивизимæ. Иснисан æй кодтонцæ взводи сæргъи æсгарæгæй. Газет «Социалистическая Осетия»-йи 1943 анзи номертæй еуеми уотæ финст адтæй: «Георгий Хайманов из Сурх-Дигоры с товарищами в часть доставил (язык) и были награжден посмертно орденом Красной Звезды...»

Геуæргийæн, гъулæггагæн, хе цæуæтæй неке байзадæй, æма ин æ хабæрттæ гъуддаггæнæг нæ фæцæй. Æ финститæй бæргæ берæ байзадæй, хуарз финста. Етæ æнæгъæнæйдæр гъæуайгонд æма мухургонд ку æрцудайуонцæ, уæд, баруагæс уи уæд, бæлвурдæй рабæрæг адтайдæ, цæйбæрцæбæл искурдиадæгин адтæй, æма абони, ка 'й зонуй, нимад адтайдæ нæ номдзуддæр финсгутæй еуебæл. Фал, гъулæггагæн, ци æрцудæй, е æрцудæй – уотæ рауадæй, æма, Сурх-Дигори карз тугъдитæ ку цудæй, уæд æ финститæ фесавдæнцæ. Ци ма си байзадæй, етæ ба лæвæрд æрцудæнцæ Хетæгкати Къостай номбæл ирон литератури музеймæ. Æ хузæ дæр æй фингсути Цæдеси иуонгти хæццæ. Хестæр лейтенант Хайманти Хъæрæсей фурт Геуæрги фесавдæй æбæрæгæй 1943 анзи.



**ХАЙМАНТИ Хъæрæсей фурттæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): Геуæрги æма Харитон.**

Хъæрæсей дуккаг фурт Харитон райгурдæй 1926 анзи. Æригон биццеубæл æхсæрдæс анзи дæр нæма цудæй, уотемæй 1943 анзи рандæй тугъдмæ, ме 'нсувæртæ кæми 'нцæ, æз дæр гъæуама уоми уон, зæгъгæ. Æнсувæрти цæуæтæн адтæй сæ кæстæр, 1943 анзи куста сахар Дæллаг Тагили хуæцæнгæрзтæ аразæн заводи... Æбæрæгæй байзадæй тугъди будурти.

Æнсувæрти цæуæт еу тургъæй рандæнцæ авдемæй тугъди будурмæ. Еу иннемæй ахургонддæр æма лæгигъæдгундæр. Гъулæггагæн, авдемæй дæр нæбал исæмбалдæнцæ сæ фидиуæзæгбæл... Цуппаремæн ба си уоститæ дæр нæма адтæй, уосгор лæхъуæнтæн сæ фæсте неке байзадæй. Цæуæт кæмæн адтæй, уонæй дæр хестæртæ нæбал æнцæ æма сæ кой уомæн некæми игъусуй. Сергейæн ма ан æртемæй, Мухарийæн ба ма еу кизгæ.

Мах дæр син сæ хабарттæ коййæй фегъустан... Кæд сæ зонгæ дæр нæ кодтан, уингæ дæр сæ некæд фæккодтан, уæддæр си мах ан сæрбæрзонд. Мах хестæртæ дæр устур ахургæндтæ иссæнцæ, фал етæ дæр нæбал æнцæ. Сæ цæуæти цæуæтæй ма ка ес, етæ, еуемæй, гъæуама зононцæ сæ кадгин хестæрти, иннемæй ба, куд син бантæса уони аккаг байзайæггæгтæ ун, уони хузæн лæгигъæдгун ун, уони фæндон æнтæстгин куд уонцæ арфиаг гъуддæгутæй. Гъе уæд Хайманти уонæхсарæ, зундгин, ахургонд адæймæгути рохс нæмттæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ нæ дзилли зæрдити цæрдзæнæнцæ, кæстæртæн ба уодзæнæнцæ зундамонæг æма разæнгардгæнæг дæнцæ.



**Цæгат Иристон немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнуни рæстæг Сурх-Дигори алфамбулай тугъдтити ка фæммард æй, еци советон тугъдонтæн номерæнæн циртдзæвæн æвæрд æй гъæуи бæрæгастæу.**

## УÆЛАХИЗЫ БОН

**Давид ТУХМАНОВЫ музыкæ**
**Владимир ХАРИТОНОВЫ ныхæстæ**

*Стыр Уæлахиз, о куыд дард нæм уыд, куыд тынг,*
*Раст, цыма, фæнычы бамынæг и зынг.*
*Сыгъд фæндæгтыл размæ, размæ уыд нæ каст, –*
*Кодтам ацы бон уæхски-уæхскæй æввахс.*

**Базард:**
*Ацы Стыр Уæлахиз, –*
*Топпыхосы рыг.*
*Уаз бæрæгбон,*
*Къæмисæнтыл – урс бындзыг.*
*Ацы уаз цин, –*
*Ризы цæстыхаутыл сыг.*
*Стыр Уæлахиз! Стыр Уæлахиз! Стыр Уæлахиз!*

*'Хсæвæй-бонæй сыгъд мартенты риуы арт,*
*Фыдыбæстæн не 'сси иу æрцъынд фадат.*
*'Хсæвæй-бонæй карз тох амадтам ныфсхаст, –*
*Кодтам ацы бон уæхски-уæхскæй æввахс.*

**Базард**
*Ацы Стыр Уæлахиз, –*
*Топпыхосы рыг.*
*Уаз бæрæгбон,*
*Къæмисæнтыл – урс бындзыг.*
*Ацы уаз цин, –*
*Ризы цæстыхаутыл сыг.*
*Стыр Уæлахиз! Стыр Уæлахиз! Стыр Уæлахиз!*

*Байрай, гыцци, не 'ппæт не 'рцыдыстæм мах...*
*'Ртæхдзаст нæуыл ма бæгъæввадæй ыстæх!*
*'Рдæг Европæ, зæххы 'мбис – нæ къахæй барст,*
*Кодтам ацы бон уæхски-уæхскæй æввахс.*

**Базард**
*Ацы Стыр Уæлахиз, –*
*Топпыхосы рыг.*
*Уаз бæрæгбон,*
*Къæмисæнтыл – урс бындзыг.*
*Ацы уаз цин, –*
*Ризы цæстыхаутыл сыг.*
*Стыр Уæлахиз! Стыр Уæлахиз! Стыр Уæлахиз!*

*Ацы Стыр Уæлахиз, –*
*Топпыхосы рыг.*
*Уаз бæрæгбон,*
*Къæмисæнтыл – урс бындзыг.*
*Ацы уаз цин, –*
*Ризы цæстыхаутыл сыг.*
*Стыр Уæлахиз! Стыр Уæлахиз! Стыр Уæлахиз!*

## ТАР ÆХСÆВ

**Никитæ БОГОСЛОВСКИЙЫ музыкæ**
**Владимир АГАТОВЫ ныхæстæ**

*А 'хсæв у тар,*
*судзы-арауы нæмгуыты 'хситт,*
*Телтыл ниуы, ныуыынæргъы уад,*
*арвыл стъалытæ стъæлынц.*
*А тар æхсæв,*
*зонын, уарзон, нæ дын ис æрцъынд,*
*Авдæн узгæйæ 'руагътай дæ сæр,*
*цæссыг куатæйы 'мбæхсыс.*

*Цас уарзын æз,*
*цас, дæ фæлмæн цæстытæн сæ арф,*
*Цас мæ фæнды*
*уыдон барæвдауын мæ былтæй.*
*Иппæры мах*
*ныр кæрæдзийæ а 'хсæвы тар,*
*'Мæ сæрзилæдджын сау тыгъд быдыр*
*тауы не 'хсæн фыдфынтæ.*

*Дарын дæуыл*
*æз мæ зæрдæ, мæ зынаргъ лымæн,*
*Уыцы ныфс мæ куы хызта æхсæв*
*судзгæ-ниугæ нæмгуытæй.*
*Зæрдæ у рухс,*
*ме 'нцой сау тох нæ байсдзæн мæнæн,*
*Æмæ скъахдзæни райсом дæ уарзт*
*мæн адзалы дзæмбытæй.*

*Нæу уый тæссаг,*
*арæх уыыл æмбæлдыстæм мах,*
*Мæнæ ныр дæр*
*уый мæ сæрмæ сынтау куы зилы.*
*Авдæны цур*
*мæн куы мысыс, æхсæв дыл ныддаргъ,*
*Æмæ уый фæрцы, зонын, мæлæт*
*мæн нæ сисдзæни милмæ.*

***Уырыссаг æвзагæй МАМУКЪАТЫ Хъазбеджы тæлмац***

**Фондз æма æхсæзинсæй анзи 30 сентябри исæнхæст æй Советон Цæдеси Маршæл, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр Александр Василевскийи райгурдбæл (1895 - 1977). Æ тугъдон имисуйнæгти хъæбæр зæрддагонæй финста е 'мтохгæнæн Плити Исси туххæй.**

***Номдзуд уруссаг финсæг Лев Толстой æ царди туххæй уотæ гъуди кодта: «Цардæн аргъ кæнун гъæуй æ бæрцæмæ гæсгæ нæ, фал æ хуæрзгъæдæдзийнадæ цæйбæрцæ 'й, уомæ гæсгæ...» Æма хуæрзамондæй исхайгин уй, адæми цæсти хуæрзаййев ке цард разиннуй, еци адæймаг.***

# Æ РОХС НОМ НÆ ЗÆРДИТИ ÆНОСТÆМÆ ЦÆРДЗÆНÆЙ...



Дууинсæй бони рацудæй, кæдæй æ цардæй рахецæн æй **ХАМИХЪОТИ Мусай фурт Васили** - æ уарзон дзиллæн берæ хуæрзти ка бацудæй, еци хъийамæтгин, растзæрдæ, хуæрзуод æма не 'нккæтемæн уарзон, хæлар, адæймаг.

Хамихъоти Васили райгурдæй 1935 анзи Сурх-Дигори гъæуи. Райдзаст цардмæ куд нæ бæлдтæй, фал æ ирисхъæ æгæр æгъатир разиндтæй - фидæрдиги хуæрзæригонæй фæсседзæр æй... Æма æригон биццеуи усхъитæбæл æрæнцадæнцæ еунæг æхе царди хабæрттæ нæ, фал ма æ кæстæр æнсувæр Александр æма æ хуæрæ Алетæбæл сагъæс кæнуни уæзæ дæр, æ ниййерæг мадæ Гæтæгти Гæмæти кизгæ Даряйæн агъаз кæнуни мæтæ. Æ дууæ кæстæр æммадтæлони ахургонд ку фæцæнцæ, айдагъдæр уæд, аст æма инсæйанздзудæй ин фæцæй Дагестани гъæуунхæдзарадон институти исахур кæнуни фадуат.

Аци уæлдæр ахургæнæндонæ 1968 анзи каст фæууни фæсте, фонси дохтирæй куста Хъалмухъи республики, Стъараполи крайи, Астрæхæни облæсти æма нæхе республики хæдзарæдти. Цийфæнди рауæни дæр кусти медæгæ дæсни специалист, фæллойнæуарзагæ, хæларзæрдæ æма хъæппæресгин ке адтæй, уой туххæй ин алкæмидæр адтæй устур кадæ - е 'мкосгути, хеуæнтти æма æмбæлтти 'хсæн. Берæ хæттити хуарзæнхæгонд æрцудæй Кади гæгъæдитæй. Уæдмæ уотæ рауадæй, æма 1977 анзи æ цæрæнбунат раййивта Дзæуæгигъæумæ. Куста цæрæнуатон-коммуналон æма арæзтади къабæзти. Адтæй уарзон, ци дзилли 'хсæн ин архайгæ рауадæй, уонæн дæр, уæдта æ муггаг, синхбæстæн æма хеуæнттæн еугуремæн дæр.

Æвæдзи, царди бонтæ адæймагæн æхецæй дæтгæ нæ 'нцæ, фал дæ фæсте ци фæд гъæуама нивуадзай, е алкæмæн дæр æхецæй кæнгæ 'й. Æ царди фæстаг бæнтти уæнгæ дæр æ мæтæ, æ сагъæс адтæнцæ, æ цæргæ-цæрæнбæнтти нифсдæттæг æма разæнгардгæнæг, æнцойнæ æма æнхæстæй бафæнзуйнаг кæмæн адтæй, æ еци бийнонтæбæл. Зин бауæндæн æй, не 'хсæнæй уæхæн хуæрзæгъдау æма парахатзæрдæ адæймаг фæгъгъудæй, уобæл.

Мах зæрдибунæй арфæ кæнæн, æ сæйги рæстæги æ сæргъи кадæриддæр балæудтæй æма ин æ уæззау нез фæррæуæгдæр кæнунбæл кадæриддæр архайдта, еци дохтиртæн, хеуæнттæн, зонгитæн.

Е 'носон дуйнемæ нæхстæр кæнуни боникон бони хъоцгæнæг адæм рæстуодæй загътонцæ, Хамихъоти Мусай фурт Василий рохс ном æностæмæ байзайдзæнæй, ка 'й зудта æма фæсмардта, уони зæрдити, зæгъгæ, æма æнæмæнгæ уотæ ке уодзæнæй, е ни æруагæс кæнуй. Æ рохс ном ба æносон уодзæнæй, мах, æ байзæдтæгтæ æ зæрдæдарæни аккаг ку уæн, уой хузæн рæстуодæй æма кæдзосзæрдæй нæ царди хабæрттæ ку кæнæн, адæми размæ нæ ихæстæ федауцæдæр хузи ку æнхæст кæнæн, уæд. Е ба махæн нæхецæй аразгæй 'й, æма нæмæ уой туххæй гъæугæ зундирахаст æма хъаурæ куд разинна, уобæл ба æновудæй архайдзинан...

***ХАМИХЪОТИ Мусай фурт Василийи рохс ном имисгæй, æ уарзон бийнонтæ.***

# НÆ АДÆМÆН ФАРНÆХÆССÆГ ЛÆГ АДТÆЙ...

Æрæги газет «Дигори» хъæбæр æхцæуæнæй бакастæн мæ хуарз зонгæ, мæ кæддæри зæрдтагон æрдхуард **БЕКМÆРЗТИ Гаврили фурт Михали** туххæй финст æрмæг. Æма мæн дæр бафæндадтæй аци номдзуд лæги туххæй мæ гъудитæ зæгъун, нæ хæлардзийнади хабæрттæй кæцидæрти æримисун.

Хуарз ма 'й гъуди кæнун, 1958 анзи Дзæуæгигъæуи аййевæдти училищей фæстаг къурси ку ахур кодтон, уæд мæмæ мæ ахургæнгутæй еу фæдздзурдтка æма мин загъта:

- Куд æрæстæфтæн, уотемæй тулаваст дæ гъæбесæйхуæцгути, бæхти хузтæ кæнунмæ. Æрæги мин рауагъдадæ «Ир» баихæс кодта, нæ гъæбесæйхуæцгути туххæй ци киунугæ рауадзуйнаг æнцæ, уой исфæлгонц кæнун æма æз ба еци куст дæу барæ кæнун…

Еци загъдмæ гæсгæ куддæр ке фæкъкъехгомау дæн, уой мин мæ ахургæнæг, æвæдзи, балæдæрдтæй, æма мæ фæрразæнгарддæр кодта...

Гъæбесæйхуæцгутæ куд фæййархайунцæ, уой куд нæ зудтон!.. Фал мæ уæддæр бафæндадтæй уони архайдмæ лæмбунæгдæр æркæсун. Æма, етæ сæхе еристæмæ кæми цæттæ кодтонцæ, еци спортивон залмæ бацудтæн мæ хузæгæнæн дзаумæутти хæццæ. Уæд мæ сæ тренер æрæстæфтæй æма мæ рафарста, ка дæн æма ами ци косун, зæгъгæ. Мæхе байамудтон, ме 'рбацуди сæр дæр ин балæдæрун кодтон. Æма мин уæд е уотæ ку зæгъидæ, дæхуæдæг дæр, дан, горцъемæ ку рацæуисæ, уæд хабæрттæ хуæздæр базонисæ æма дæ гъуддаг хуæздæр рауайидæ. Æз, зæгъун, хузæгæнæгбæл ахур кæнун, цæй гъæбесæйхуæцæг дæн. Фал мæ уæддæр æхсæз мæйей дæргъи фæццæуун кодта залмæ.

Еци тренер адтæй Бекмæрзти Михал. Цæргæ ба кодта мах æмдзæрæни фарсмæ. Тренеровкити фæсте нин нæ цæрæнбунæттæмæ еумæ цæугæ ахид рауайидæ æма мин æ хабæрттæ ракæнидæ. Мæ зæрдæбæл сæ бадардтон.

- Хуасгæрдæнти мæнæй фулдæр некæмæн æнтæстæй, - дзурдта мин Михал. - Уомæн æма иуæнгти хъаурæй тухгин адтæн. Ирæфи райони гъæбесæйхуæцгути 'хсæн фиццаг бунат байахæстон. Еу бон ба нæ алли районтæй Дзæуæгигъæумæ исластонцæ, республикон чемпионатмæ. Хуæцунмæ рацæунмæ мæ кезу ку æрхъæрдтæй, уæд мæ уæле спортивон дарæс куд кодтон, уотемæй мæ гъостæбæл æруадæй, еуварс ци гъæбесæйхуæцгути къуар лæудтæй, уонæй кедæр уæлбекъон загъд: «Вон дигорского барана привезли!..» Мæ бауæр иннетæй игъаугидæр хъæбæр гъунгун ке адтæй, æвæдзи, уомæ гæсгæ уотæ загъта. Æз, æнæуой тæлтæг уогæй, уæд цæмæдæр гæсгæ æгириддæр нæ рамæстгун дæн. Мæ меднимæр ба загътон: хъæбæр тагъд рæстæги мæ хæццæ ездондæрæй дзордзинайтæ.

Æма æцæгæйдæр уотæ нæ рауадæй? Бекмæрзи-фурт иссæй номдзуд богал æма номдзуд богалти гъомбæлгæнæг.

Михал мæ гъæбесæй хуæцунбæл ке фæццалх кодта, е мин фæстæдæр исбæзтæй. Советон Æфсади рæнгъитæмæ мæмæ ку фæдздзурдтонцæ, уæд си иристойнæгтæй ма ка адтæй, уонæй нæ командир гъæбесæйхуæцгути командæ исаразта. Нæ къохи цидæр уæлахезтæ дæр æфтудæй.

Фæстæдæр сахар Мæскуй хузæкæнуйнади академи каст фæууогæй, нæхемæ исæздахтæн… Уæд дин еууæхæни кæсун, æма дæлæ тургъи Бекмæрзти Михал æрбацæуй. Æз имæ уайтæккæ бауадтæн. Кæрæдзебæл ниццийнæ ан. Æз æй рафарстон, кæмæ æрбацудтæ, зæгъгæ. Е мин балæдæрун кодта, сæрмагондæй мæнмæ ке 'рбацудæй, мæ агъаз æй еу гъуддаги ке багъудæй, уой:

- Еу рæстæг мæ Япониий исхудтонцæ еугуремæй хуæздæр гъæбесæйхуæцæг æма мæ исхаурзæнхгин кодтонцæ сæрмагонд призæй. Мæ сувæллæнттæ мин æй æнæбари тæрхæгæй æргæлстонцæ æма расастæй. Фæндуй мæ, цæмæй ин ести æргъуди кæнай.

Æз ин æ еци хъазар хуæрзеуæгмæ, мæ бон куд адтæй, уотæ лæмбунæг базилдтæн... Уой фæсте нæ иннæ фембæлди Михал дестæгæнгæй уотæ ку зæгъидæ:

- Саст кæми адтæй, уой фæййагурдтон, æма 'й не 'ссирдтон. Арфæ дин кæнун!..

Еу рæстæг ба мæ бийнонти хæццæ Дигоргоми турбазæ «Дзинагъа»-й нæ фæллад уагътан. Уотæ рауадæй, æма Бекмæрзти Михал дæр æ гъæбесæйхуæцгути хæццæ уæд уоми адтæй. Сæхе цæттæ кодтонцæ сахар Киеви чемпионатмæ. Михали хæццæ нæ еу фембæлди æй бафарстон:

- Куд дæмæ кæсуй, уæ гъуддаг куд рауайдзæнæй?..

Æма мин нифсгун дзуапп равардта:

- Нæ рæстæг æрхъæрдтæй, æма 'й нæ рауадздзинан!..

Кæд нæ рæдуйун, уæд уоми цуппæрæймаг хатт иссæнцæ чемпионтæ.

Бекмæрзти Михали хæццæ лæгæй лæгмæ зонгæ ке адтæн, не 'хсæн хуарз рахастдзийнæдтæ ке адтæй, уой туххæй æз Хуцауæй хъæбæр арази дæн… Цард дæр Михали хузæн лæгтæй исфедауй...



Кæронбæттæни ба ма уой зæгъуйнаг дæн, æма хуарз уидæ, Бекмæрзти Михал Дзæуæгигъæуи ци хæдзари цардæй, уой фарсбæл рæхги номерæн мраморон къæйдор ку фæззиннидæ. Е нæ Иристонæн ци берæ хуæрзти бацудæй, уой нимайгæй, еци гъуддæг æнæмæнгæ исаразуйнаг æй!..

***ДЗБОЙТИ Михал,***
***зундгонд скульптор, Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат.***

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор:** САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25– 22– 56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@rambler.ru

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службы Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и.**
**357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Почти индекс **161**.
Тираж **650**. Заказ **№2009.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 28.09.2020.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мухурон рауагъдади пайдагонд ку цæуа, уæд гъæуама æнæмæнгæ бæрæггонд уа, «Дигорæ»-й ке рафинстонцæ, е.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Рекламæ æма игъосункæнуйнæгти туххæй «Дигори» редакци æхемæ бæрнондзийнадæ нæ есуй.**